

## MAIMONIDES MEDICAL CENTER

**KÒD:** FIN-55 (Nouvo)  
**DAT:** 3 novanm 2015

### **SIJÈ: POLITIK FAKTIRASYON AK KOLÈK LAJAN**

#### **I. POLITIK**

Maimonides Medical Center (“Maimonides” oswa “Lopital la”) angaje li anfavè pratik faktirasyon ak kolèk lajan ki ekitab. Politik sa a mete anplas pratik faktirasyon ak kolèk lajan Maimonides.

#### **II. AKSYON SIZOKA GEN PEMAN KI PA FÈT**

##### **A. Aksyon pou Peman ki pa Fèt**

Sizoka yon pasyan pa peye yon bòdwo pou swen medikal, Lopital la gen dwa pran aksyon ki annapre yo ki gen pou wè ak jwenn peman bòdwo a:

- Refere kont pasyan an opre yon ajans ki kolekte lajan dèt, selon restriksyon ki nan Seksyon II.B; epi/oswa
- Pran kèlkeswa aksyon ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè kont pasyan an, men sèlman apre Lopital la ta fè tout sa li kapab pou verifye si pasyan an elijib pou resevwa asistans selon Politik Asistans Finansyè Pasyan (“FAP”) an konfòmeman ak pwovizyon Seksyon III.B, ikonpri notifye pasyan an konsènan FAP an omwens 30 jou anvan pou li pran aksyon sa a. Epitou, Maimonides p ap pran pouswit jiridik sa a pandan owmens 120 jou apatide premye bòdwo pasyan an resevwa apre egzeyat li.

Lopital la pa kapab:

- Rapòte enfòmasyon negatif osijè pasyan oswa refere kont ki pa peye bay ajans rapò sou kredi oswa biwo kredi;
- Vann dèt pasyan an bay tyès pati;
- Defere oswa refize swen ki nesesè medikalman poutèt pasyan pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen Lopital la te deja bay ki garanti anba FAP Lopital la; oswa
- Mande yon pou peye yon bòdwo pou swen li deja resevwa ki garanti anba FAP Lopital la anvan pou yo ba li swen ki nesesè medikalman.

##### **B. Restriksyon osijè Pratik pou Kolekte Lajan**

Lopital la p ap refere kont yon pasyan nan sèvis pou kolekte lajan dèt jiskaske Lopital la te fè jefò rezonab pou verifye si pasyan elijib pou FAP konfòmeman ak

Seksyon III.B. Yon pasyan ap resevwa yon preyavi alekri 30 jou omwens, ki make sou bòdwo pasyan an, anvan yo voye dèt li nan sèvis kolèk dèt. Depi yon kont ale nan sèvis kolèk dèt, Lopital epi/oswa anplwaye, reprezantan oswa kontraktyèl li yo pa otorize fè sa ki dekri annapre a:

- Sispenn kont labank yon debitè;
- Itilize pwosedi sezi-arè chèk pewòl yon debitè, eksepte si Direktè oswa Vis Prezidan Kont Pasyan oswa konpayi faktirasyon ki asosye ak Lopital la, Executive Physician Systems, otorize li;
- Chèche fè arete an matyè sivil debitè a;
- Eseye pwovoke yon vant fòse oswa fòklizyon rezidans prensipal yon debitè; oswa
- Pouswiv kèlkeswa aksyon ki ta koze oswa anpeche yon debitè pou li peye lwave, bòdwo elektrisite, chofaj, telefòn oswa depans pou manje nòmal li genyen pou fè chak mwa.

Kontra yo ak tout ajan kolèk lajan Lopital la mande pou ajan kolèk lajan yo (a) respekte Politik sa a ikonpri pou yo bay pasyan yo enfòmasyon sou fason pou aplike pou asistans finansyè lè sa konvnab; epi (b) chèche jwenn konsantman alekri alavans Lopital la anvan pou yo kòmanse yon aksyon jiridik.

Kolèk lajan pa otorize pou yon pasyan ki elijib pou Medicaid nan moman yo te bay sèvis yo lè peman Medicaid disponib pou sèvis sa yo.

### **III. PWOSESIS AK DELÈ YO**

#### **A. Rezime Kondisyon Jeneral yo**

Maimonides pral kontinye aksepte aplikasyon FAP pandan omwens 240 jou apatide dat yo voye premye bòdwo apre egzeyat pasyan an.

Maimonides pral notifye pasyan yo alekri si yo apwouve oswa refize aplikasyon FAP yo 30 jou oplita apre yo resevwa aplikasyon FAP pasyan an ki byen ranpli. Notifikasyon pou FAP ki apwouve yo dwe gen ladann yon esplikasyon detaye osijè montan yo dwe. Notifikasyon pou FAP ki refize dwe make an detay rezon pou refi a.

Kèlkeswa avi alekri oswa komunikasyon bay pasyan yo ki enprime ki obligatwa selon Politik sa a dwe afiche yon kote ki byen vizib epi pou li gwo ase pou yo kapab li li fasilman. Maimonides gendwa voye yon avi alekri oswa yon komunikasyon obligatwa bay pasyan yo konfòmeman ak Politik sa a elektwonikman (pa egzanp, nan imèl) bay kèlkeswa pasyan an ki endike li pito metòd komunikasyon sa a.

## **B. Jefò Rezonab pou Detèmine Elijibilite pou Asistans Finansyè**

Maimonides pa fè okenn konklizyon osijè Elijibilite yon pasyan pou FAP ki baze sèlman sou enfòmasyon tyès-pati oswa ki baze sou konklizyon yo te déjà pran anvan konsènan elijibilite pasyan an. Maimonides pral fè jefò rezonab pou chèche konnen si yon pasyan elijib pou FAP si li satisfè egzijans ki make anba la.

### ***1. Egzijans Jeneral konsènan Notifikasyon***

Maimonides pral notifye yon pasyan konsènan FAP an; pou sa, li pral fè tout sa ki annapre a:

- Bay pasyan an yon avi lekri ki endike gen asistans finansyè ki disponib pou pasyan ki elijib, li idantifye aksyon Maimonides (oswa yon lòt pati ki otorize) gen lentansyon lanse pou jwenn peman pou swen, epi li deklare yon dat lè aksyon sa yo gendwa kòmanse fèt ki pa anvan 30 jou apre dat li te voye avi alekri a;
- Ikonpri, avèk avi alekri a, yon Rezime nan Langaj Senp osijè FAP an; epi
- Fè jefò rezonab pou notifye aloral pasyan an osijè FAP Maimonides ak kijan pasyan an gendwa jwenn asistans ak pwosesis aplikasyon FAP a.

### ***2. Aplikasyon FAP ki pa konplè***

Si yon pasyan prezante yon aplikasyon FAP ki pa konplè pandan Peryòd Aplikasyon an, Maimonides pral:

- Bay pasyan an yon avi alekri ki dekri enfòmasyon ak dokiman anplis ki nesesè selon FAP a oswa aplikasyon FAP li dwe remèt pou konplete aplikasyon FAP an nan adrès sila a: Maimonides Medical Center Financial Services Department, 983 48th Street, Brooklyn, New York 11219.
- Sispenn kèlkeswa aksyon an pou chèche jwenn peman pou swen jiskaske swa: Lopital la pran desizyon sou elijibilite FAP yon pasyan sou labaz aplikasyon FAP konplè epi li te satisfè tout egzijans ki aplikab pou yon aplikasyon FAP ki konplè (ki make nan Seksyon III.B.3 Politik sa a), oswa si aplikasyon FAP a pa konplè, pasyan an p at reyisi reponn ak demann pou li prezante lòt enfòmasyon epi/oswa dokiman nan yon peryòd tan ki rezonab pou li reponn demann yo.

Peryòd Aplikasyon nan kontèks sa a te kòmanse nan dat lè li te resevwa swen epi li fini nan dat ant 2 dat sa yo ki rive andènye: 240yèm jou apre dat yo voye premye bòdwo apre egzeyat pou swen oswa nan dat limit ki endike sou avi alekri ki obligatwa a.

Si yon pasyan ki te prezante yon aplikasyon FAP ki pa t konplè pandan Peryòd Aplikasyon an apre sa ranpli aplikasyon FAP a pandan Peryòd Aplikasyon an, oswa apre sa, nan yon delè ki rezonab yo te bay li pou li reponn demann pou bay enfòmasyon ak/oswa dokiman anplis, yo pral konsidere pasyan an te prezante yon aplikasyon FAP ki konplè pandan Peryòd Aplikasyon an.

### ***3. Aplikasyon FAP ki Konplè***

Si yon pasyan prezante yon aplikasyon FAP ki konplè pandan Peryòd Aplikasyon an, Maimonides pral:

- Sispenn kenepòt aksyon pou chèche jwenn peman pou swen jiskaske Lopital la deside si pasyan an elijib pou FAP sou labaz aplikasyon FAP ki konplè a epi si li te respekte tout egzijans ki aplikab pou yon aplikasyon FAP ki ranpli, jan sa make nan Seksyon sa a.
- Pran yon desizyon pou chèche konnen si yon pasyan elijib pou FAP pou swen epi notifye pasyan an alekri si li elijib (ikonpri, si sa aplikab, asistans pasyan an elijib pou resevwa a) ansanm ak baz pou desizyon sa a 30 jou oplita apre Maimonides fin resevwa yon aplikasyon ki konplè.  
Notifikasyon konsènan FAP ki apwouve dwe gen ladann yon esplikasyon detaye sou montan pasyan an dwe ansanm ak pouvantaj rabè pasyan an elijib pou resevwa. Notifikasyon konsènan FAP yo refize dwe detaye rezon kifè yo refize a, li dwe dekri kijan pou konteste refi a epi li dwe gen ladann enfòmasyon sou fason pou kontakte Depatman Sante a. Nan sityasyon kote yo òganize yon entèvyou fas-a-fas, yo enfòme pasyan yo touswit si yo apwouve aplikasyon an ansanm ak montan rabè pasyan an pral resevwa oswa si yo refize aplikasyon an. Nan sityasyon sa yo, yo pral voye avi alekri an kay pasyan an.
- Epitou, si pasyan an apwouve pou asistans finansyè, Depatman Sèvis Finansye an pral anrejistre desizyon osijè elijibilite a nan seksyon an ki rele "kòmantè" nan sistèm enskripsiyon (AHS) an, ikonpri rabè espesifik ki aplikab yo pou (a) sèvis pou pasyan ki dòmi lopital ak pou (b) sèvis pou pasyan ki pa dòmi lopital, menmsi se yon sèl kalite sèvis (pa egzanp, sèvis pou pasyan ki dòmi lopital) yo bezwen pou swen pasyan an ap resevwa koulye an.

Si Maimonides deside yon pasyan elijib pou resevwa FAP, Maimonides pral:

- Si li deside pasyan an elijib pou asistans ki pa swen gratis, li pral bay pasyan an yon bòdwo ki endike montan pasyan an dwe pou swen yo antanke yon pasyan ki elijib pou FAP, kijan yo te kalkile montan an, epi li pral dekri kijan pasyan an kapab jwenn enfòmasyon konsènan Montan ki Faktire Jeneralman pou swen yo (*al gade* FIN-28 ak FIN-29 pou yon definisyon Montan ki Faktire Jeneralman).

- Ranbouse pasyan an pou kèlkeswa montan pasyan an te peye pou swen yo (kèlkeswa si se bay Maimonides oswa nepòt lòt pati Maimonides te refere dèt pou swen pasyan an) ki depase montan yo kalkile pouki pasyan an responsab pèsonèlman pou peye antanke moun ki elijib pou FAP, eksepte montan eksedantè an mwens ke \$5, oswa yon montan ki fikse nan lòt direktiv IRS pibliye.
- Pran tout mezi disponib ak rezonab pou envèse kèlkeswa aksyon yo te pran kont pasyan an pou chèche jwenn peman pou swen yo.

Peryòd Aplikasyon nan konteks sa a te kòmanse nan dat lè li te resevwa swen epi li fini nan dat ant 2 dat sa yo ki rive andènye: 240yèm jou apre dat yo voye premye bòdwo apre egzeyat pou swen oswa nan dat limit ki endike sou avi alekri ki obligatwa a anvan pou yo kòmanse kèlkeswa aksyon kont pasyan an poutèt li pa t peye yon bòdwo.

Maimonides p ap baze desizyon li kòmkwa yon pasyan pa elijib pou FAP sou enfòmasyon li panse ki pa fyab oswa ki pa kòrèk oswa sou enfòmasyon li te pran nan men pasyan an anba kontrent oswa grasa pratik kowèzyon. Nan kad definisyon pratik kowèziv, yo konsidere kòm yon pratik ki anplwaye lakontrent tout pratik ki retade oswa refize swen medikal ijan jiskaske pasyan an bay enfòmasyon yo mande yo pou chèche konnen si pasyan an elijib pou FAP pou swen y ap retade oswa refize ba li.

Si Maimonides resevwa yon aplikasyon FAP konplè nan men yon pasyan li panse ki gendwa kalifye pou Medicaid, Maimonides gendwa ranvwaye pou pidevan desizyon pou chèche konnen si pasyan an elijib pou FAP pou swen yo jiskaske aplikasyon pasyan an pou Medicaid fin ranpli ak prezante epi yo te pran yon desizyon konsènan elijibilite pasyan an pou Medicaid.

Pasyan yo gen dwa konteste desizyon elijibilite pou FAP yo, konfòmeman ak Seksyon III.F FAP an.

#### **IV. OTORITE KI RESPONSAB LA**

Depatman Sèvis Finansye an gen otorite final ak responsabilite pou verifye si Maimonides te fè jefò rezonab (jan sa defini nan Seksyon III.B) pou chèche konnen si yon moun elijib pou assistans finansyè selon FAP Lopital la (*al gade* FIN-28 ak FIN-29), epi Depatman Kont Pasyan gen otorite final ak responsabilite pou deside si Lopital la gendwa fè kèlkeswa aksyon lajistis ki mande pou yo kòmanse pouswit jiridik oswa jidisyè kont pasyan an poutèt li pa t peye yon bòdwo (jan sa endike nan Seksyon II.A, ki anlè a).

**KOD:** FIN-55 (Nouvo)

**DAT:** 3 novanm 2015

## V. KONTWOL YO

1ye Vis Prezidan pou Kont Pasyan yo pral revwa detanzantan pwosedi yo ki enplike pou li ka asire yo respekte politik sa a.

Pamela S. Brier  
Prezidan ak Direktè Jeneral

**REFERANS:** 26 C.F.R. 1.501(r)-6  
Politik Asistans Finansyè FIN-28 (Revize)  
Politik Asistans Finansyè pou Sèvis Sante Mantal pou Pasyan ki pa Dòmi Lopital FIN-29 (Revize)  
Kont Pasyan-Politik osijè Pratik Faktirasyon FIN-21

**DEPATMAN KI FÈ**  
**DOKIMAN SA A:** Depatman Jiridik/Sèvis Finansye

203097488.9

H:\A\_JOYCE\POLICIES\FIN 55 (NEW) Nov 3 2015